

**VIL NEW YORK**  
**BIWO OPERASYON MAJISTRA A**  
**AVI sou Rapò KONSOLIDE ANYÈL SOU PÈFÒMANS AK EVALYASYON 2022**  
**(CAPER)**

POU TOU AJANS, KONSEY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE YO:

**Rapò Konsolide Anyèl sou Pèfòmans ak Evalyasyon 2022** (Consolidated Plan Annual Performance and Evaluation Report, CAPER) a se rapò Vil New York sou itilizasyon fon ki soti nan kat pwogram sibvansyon admisibilite fòmil Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè(U.S. Department of Housing and Urban Development, Office of Community Planning and Development, HUD-CPD): Sibvansyon Kolektif pou Devlopman Kominotè, (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME (HOME), Sibvansyon pou Solisyon Dijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA). Pèfòmans lan baze sou fon ki te resevwa, angajman ak reyalizasyon yo te fè sou itilizasyon fon sa yo pandan ane pwogram 2022 a, 1ye janvyé 2022 rive 31 desanm 2022.

An 2022, vil la te resevwa \$304,212,902 nan fon dwa pou kat pwogram sibvansyon admisibilite fòmil HUD yo: \$166,259,543 pou CDBG; \$81,327,120 pou HOME; \$41,777,058 pou HOPWA; ak \$14,849,181 pou ESG.

Biwo Operasyon Majistra (Mayor's Office of Operations) a anonse yon peryòd kòmantè piblik 15 jou ki pral kòmanse 13 jen 2023 epi ki pral kontinye jiska **28 jen 2023**. Ou ka jwenn aksè nan CAPER 2022 Vil la nan sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a.

Kòmantè alekri sou Rapò Konsolide Anyèl sou Pèfòmans ak Evalyasyon 2022 (CAPER) ka soumèt bay Ms. Lisa Rambaran swa via imèl [ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov](mailto:ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov) oswa pa lapòs regilye nan Mayor's Office of Operations, 253 Broadway, 10th Floor, New York, New York 10007.

Yo pral fè rezime nenpòt kòmantè yo resevwa epi repons ajans yo pral enkòpore nan soumisyon yo bay HUD a.

Vil New York: Eric Adams, Majistra

Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 2 jen 2023